Утверждаю:
Зам. дир. по УВР
/Бадавимагомедова/

# Рагьараб дарс

# Эффенди Капиев

# «Гуч »

(Слайд 1)

**Дарсил эпиграф :Щуго килищ биччан тани, тамахаб хъат лъугьуна.**

**Щуябго данде къани,къвакlараб зар лъугьуна.(аби)**

Лъимал, жакъасеб нилъер буго рагьараб дарс.

Рач1а нилъеца дагьабго цебехун малъараб такрар гьабилин.

. **(Слайд2-4)**

**<u>Блиц – опрос.</u>** (Дица суал ц!алилалде жаваб гьабизе ккола).

1) Авар советияб литератураялъе кьуч! лъица лъураб?
2) Т!оцебесеб драмияб асар щиб?
3) Т!оцебесеб эпосияб асар щиб?
4) Авар мац!алда 1934 соналъ бахъараб куч!дузул т!ехь щиб?
5) «Балагьалъул гъамас» автор щив?
6) Гьелъул аслияб пикру баян гьабе?
7) Къвариг!ел гьеч!еб багьадурлъи щиб?
8) Социалистияб реализм бихьизабураб асар щиб?
9) Поэтасул борчалъулги поэзиялъул к!варалъул бицунеб асар?
10) «Къебелъухъ»- автор, аслияб пикру, жанр?
11) Зурмихъан, коч!охъан-гьев щив?
12) «Ц!ияб дунял» т!ехь лъил?
13) А. Гъафуровасул «Дида бич!ч!ана» кеч!алъ сунде кант!изарулел ругел?
14) «Баси» басняялъул аслияб пикру абе?
15) Абут!алиб Гъафуровасул творчествоялъул аслияб темалъун кинаб кколеб?
16) 1- Дагъистаналъул союз кида бук!араб?
17) Гьелъул председатель щив?
18) Жавабияв секретарь абе?

**(Слайд 5-6)**

Ц1алдохъабазул жавабал:

1. Ц1адаса Х1амзатица
2. Багьадур Малачихановасул «Мест1ер»
3. М.Хуршиловасул «Сулахъалъ нуг1лъи гьабула»
4. Ц1.Х1амзатил «Г1адатазул жул»
5. Ц1.Х1амзат.
6. Г1арацги ях1-намусги цадахъ х1ебт1улареблъи,гьелъ балагьалде рачуна. Г1арац г1умруялъул кьуч1лъун босизе бегьуларо.
7. «Х1амбагьадурлъи»
8. Ц1.Х1амзатил «Вехьасул къиса»
9. «Къебелъухъ»

10. Заид Х1ажиев, поема. Поэзияги поэтги халкъалъул рек1елъан к1алъазе кола,халкъалъул рек1елъан к1алъазе ккани, халкъалъул рек1ел к1ул батизе кола.
11. Абут1алиб Гъафуров
12. А.Гъафуровасул
13. Хъадарухъанасул х1алт1и бищунго зах1матаб бук1иналде.
14. Гьит1инаб зарал гьукъизеян к1удиялъе каву рагьулел ратула.
15. Зах1маталъул тема.
16. 1934 соналъ.
17. Багьавутдин Астемиров.
18. Эффенди Капиев.

**(Слайд7-8 )**

**Гьаб куплеталъул анализ гьабе.**

Гьит!инал къоязда дур къаламалда

Къабих!аб номер лъун бук!ун раг!ула.

Т!ад загьру бахараб борхьил мац!алда

Балъгояб т!ок!ц!ар тун батун раг!ула.

Роцен-

Аллитерация-

Ассонансал-

Эпитетал-

Метафораби-

Эпифора-

Рифма-

**(Слайд 9-)**

Ц1алдохъабазул жавабал:

Роцен-силлабияб 11 гьижаялъул, рифма жанисеб

Аллитерация-къ-къ-къ, б-б-б-б, т-т

Ассонансал- и-и,а-а-а-а,

У-у-у-у,

А-а,а-а-а,а-а-а,

Эпитетал- гьит1инал,къабих1аб,загьру бахараб,балъгояб

Метафораби-къаламалда къабих1аб номер, загьру бахараб мац1.

Эпифора- раг1ула

Раг1ула

Рифма- -алда

-алда.

Жавабал кьурал ц1алдохъаби, шапакъатал кьун, рат1а гьарила.

Гьанже нилъеца цадахъ лъугьун гьаб раг1икъот1 ц1езабила ,гьелдалъун рагьила нилъее дарсил темаги

**(Слайд 10)**

**Раг1икъот1:**




**Г!одобе:**

**3)** Лаказул хъвадарухъанасул фамилия.

**Г!ебеде:**

**1)**С. Стальскияс Х!абибилан ц!ар кьуна гьесие.

**2)**«Гуч» раг!иялъул синоним.

Ц1алдохъабазул жаваб гьадин баккила:

**(Слайд 11)**

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | К | | |
| | | | | | | а | | |
| | | | | | | п | | |
| Э | ф | ф | е | н | д | и | | |
| | | | | | | е | | |
| | | | | къ | у | в | а | т |

**(Слайд 12)**Сурат  Эффенди Капиевасул

**(Слайдал  13-15)**

***Дарсил тема:***

Эффенди Капиевасул биография, творчество. «Гуч» -хабар ц!али ва анализ

***Дарсил мурадал:***

***- Эффенди Капиевасул г!умруялъул х!акъалъулъ баян г!ат!идго лъай. «Гуч» хабаралъул анализ гьабизе лъай. Къуват цолъиялъулъ бук!ин бич!ч!инаби.***

***-Цоцаздехунисеб, сверухъ ругездехунисеб бербальагьи лъик!лъизаби. Т!абиг!аталдехун рокьи бижинаби,гьеб ц!унизе ккей щивасул борч бук!ине лъай.***

***-Ургъизе бажарун, пикраби цоцалъ рухьинарун, г!акълу камил гьаби.***

Лъимал,нилъер дарсил темаги  мурадалги баянлъана нужее. Эффенди Капиевасул х1акъалъулъ бицине лъик1 бук1ина нилъее, кумекалъе гьаб  хронологияб таблица  х1алт1изабуни.

Эффенди капиевасул г1умру буго цо берцинаб бакъаналдалъун цоцалъ хурхаб  гьудуллъиги, рокьиги, божилъиги. Амма гьеб г1ажаибаб бакъан лъуг1инаг1ан  Эффенди хут1ич1о.Гьев  хвана творчествоялъул завалалда. Т1олабго г1умруялъ балагьана Эффендица литератураялде жанибе нух. Балагьана- батана.Капиевасул кверзукьан араб щибаб мухъ нилъее ккола багьа т1ок1аб нахърател,лъуг1ел гьеч1еб хазина, наслабазде бараб ах1и. Эффенди Капиевас хъварабщинаб хъвана нилъее ва нилъер х1акъалъулъ. Г1адада гурелъул Гьес «Поэт» абураб т1ехьалъе эпиграфлъун гьал раг1аби росарал.

«Ле, г!адамал! Ч!ахъаги нужер бук!инисеб!» М. Горький .  **(Слайд 16)**

Г1умруялъ гурх1ел гьабич1о Капиевасда, амма гьес гьарулебги бук1инч1о гьелда рах1му. ГЬарич1о рецц-бакъ я х1алт1ухъ,ялъуни шапакъатазухъ,яги  бах1арчилъиялъухъ.Дунялалда дагьал сонал рани щиб, гьесул бук1ана цогидазул рек1елъ жах1да баккилеб г1адаб ц1ех-рехалъулаб г1умру,х1алхьи лъаларев х1алт1ухъанасул, бах1арчияв рагъухъанасул.

Къамарт1аб, цоцалъ гъункараб  борхатаб лага.Цоцалъ гъункарал ,лах1ч1ег1ерал кьунсрукьан ралагьарал берал кколаан  т1ину гьеч1еб муг1рул иццул бац1ц1адаб лъел гаралилан. Г1емерисеб мехалъ гьел беразулъ бихьизе бегьулаан рек1ее зах1матаб къварилъи,унти,амма  г1урхъи лъалареб рокьигун. .  **(Слайд 14)**

Муг1рузда гьоркьоб къараб гьит1инабго росулъ гьавурав Эффенди цоязе вук1ана  к1удияб балъголъилъун,цогидазе жиндасан мисал босулеб хазинадул гъамаслъун.

Калмыказул ракьалдаса Дагъистаналде бач1араб Капиевазул хъизан ч1ола революционер Гьарун Саг1идовасул рокъоб заманалъе. Заманго иналде Гьарун деникинцаца ч1вала ,амма гьит1инав васасул рек1елъ гьеб лъугьа-бахъиналъ к1удияб лъалк1 тана. Гьит1инав вац гьавидал,Эффендил гьариялда рекъон, гьесда ц1арги лъуна Гьарунилан. Гьебмехалъ Эффендил бук1ана Г1иц1го 11 сон. Инсуца вас ц1ализе кьуна маг1арул лъималазе педтехникумалда цебе рагьараб интернаталде ,хадусан Эффенди ц1ализе лъугьуна жибго педтехникумалдеги. Гьениб бижана васасул унго-унгояб литератураялдехунисеб рокьи. Гьес, к1алдибе лъим ккун, ц1алулаан Лермонтовасул, Пушкинил,Некрасовасул,Маяковскиясул асарал .Гьезул асаразе жавабаллъунккола гьал куч1дузул мухъал. **(Слайд 24-28)**

**(Слайд 18-21)**

**<u>Хронологияб таблица Эффенди Капиевасул</u>**

**1909**- соналъ гьавуна Гъумекиб росулъ

**1919**- соналъ калмыказул Аркаки росулъа Дагъистаналде вач!ана.

**1925**- соналъ педтехникумалде ц!ализе лъугьана.

**1928**- соналъ лъуг!изабуна педтехникум, ва Аксай росулъе учительлъун х!алт!изе уна.

**1929**- ц!ализе уна Ленинградалде, Машиностроительный институталде.

**1931**- соналъ вищула Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул данделъиялъул секретарьлъун, гьебго соналъул 7 марталда басмаялда бахъана «Х!укму т!убазабулеб буго» хабар.

**1932**- соналъ бахъана 1-себ т!ехь «Дагъистаналъул поэтал».

**1933**- соналъ Эффенди Капиевасул рокъор данделъана шаг!ирал Тихоновгун,Луговскойгун, Павленкогун.

**1934**- соналъ данде гьабуна 1-себ Дагъистаналъул хъвадарухъабазул съезд. Эффенди Капиевасул гьениб к!алъай.

1- Т!олгосоюзалъул хъвадарухъабазул союзалъул член.

**1935**- соналъ Северияб Кавказалъул центр Пятигорскалда «Г!олохъанав ленинец» абураб газеталда х!алт!и.

**1940**- соналъ хъвана «Ганч!ида накъищал».

**1942**- соналъ К!удияб Ват!анияб рагъда г!ахьалльи, жиндиего бокьун, г!арзаги кьун.

**1944**- соналъ 27январалда лъабабилеб кванирукъалъул операциялъе госпиталалда вегана.

**(Слайд 22-23)**

«Итак, на операцию. Уже сделали укол морфия…
Я ли не терпел, этот несчастный страдалец, язвы столько лет?
А уж на сей раз потерпим. Не беда!»
Гьадин абуна Капиевас жиндаго 27 январалъ 1944 соналъ лъабабилеб нухалъ ,операциялде унаго. Амма операциялде иналде ,гьес хъвана жиндирго книжкаялда:
«Как странно: книжечка кончилась минута в минуту перед операцией, хотя я и не хотел этого».

**<u>Словарияб х!алт!и</u>** – амфитеатр **(Слайд-35)**

***Амфитеатр***- Цебесеб Грециялда ва Ривалда рарал залал, лъугьунеб-толеб жо бихьизе, сверда-сверун, гор гьабун,г!одор ч!олел бак!алги цоялдаса цояб рорхизарулаго.

**(Слайд-36)**

Асаралъулъ ругел абиял: Халкъалъул газа кьурдаги рек!уна.

Халкъалъухъа буртинадул т!илги ракьулъ къазабун бажарула

(гьезул маг!на рагьила)

**(Слайд-34-44)**

**<u>Асаралъул анализ:</u>**

1) Автор: Эффенди Капиев
2) Проблема: цолъиялъул суал
3) Жанр: хабар
4) Тема: Халкъалъул къуваталъул сурат бихьизибизе бачараб мисал
5) Композиция:
    1)Гох1ил х1акъалъулъ раг1и
    2)Мух1амадил к1алъай
    3)Сулейманил халкъалда цебе к1алъай
    4)Халкъалъул х1укму
6) Асаралъул мац1:

Асаралъул мац1 буго г1емерал эпитетаздалъун, халкъиял кицаби абиял, багьадураз х1алт1изариялдалъун бечед гьабун. Хабаралъулъ х1алт1изабураб диалог формаялъ щивав багьадурасе къимат кьезе рес кьола, хасго аслияв багьадурасул сипат мух1канго рагьизеги

7) Аслияв багьадур- Сулейман, г1одове виччарав, гьваридал пикрабазул, халкъалъул божилъи бугев, жиндирго пикру рит1ухъ гьабизек1олев. Гьесул к1алъаялдалъун кинабго халкъалъул щакдараби щущана.
8) Т1абиг1аталъул сураталъ- баг1арараб бакъалъ, бакъвараб ракьалъ рагьула пашманлъиялъул суал, халкъалъул рек1ел х1ал, аслияв багьадурасул г1амал-хасият.
9) Сюжетияб мухъ



10) Аслияб пикру: Халкъалъулъ къуват гьелъул цолъиялъулъ бук1ин, букъараб зар кинигин, гьеб лъиданиги къинабизе к1везе гьеч1еблъи. Халкъалъул газа кьурдаги рек1уна, гьединлъидал цолъани кинабго зах1малъи нахъа тола.

(Слайд-45)

**Цолъиялъул къуваталъул х1акъалъулъ кицаби:**

1) Г1адамал къулухъе, къула,
   Г1адамал ворхухъе ворха
2) Г1емер квер – кьарияб,
   Цо квер – х1алакъаб
3) Цох1о кваралъ хъат ч1валаро
4) Щуго килищ биччан тани,
   Тамахаб хъат лъугьуна
   Щуябго данде къани,
   Къвак1араб зар лъугьуна

**(Слайд-46)**

**Дарс г1амлъизаби:**

1) Щай авторас инсан х1исабалда Сулейманил х1акъалъулъ бицине т1аса бищараб (пашманлъиялъул ракъдаллъиялъул) тема?
2) Къо ккедал лъалин инсан- абураб кици рит1ухъ гьабизе к1олищ нужеда?
3) «Гуч»- сундулъ бихьулеб нужеда?
4) Данде кколищ гьал кицаби нилъер темаялде?

**(Слайд-47)**

Хъвадарухъабазул Союзалъул коридоралъуб мармаралъул хъорщода меседил мухъаз хъван руго Дагъистаналъул ц1ар раг1арал шаг1ирзабазул ц1арал. Гьезда гъорлъ буго Эффенди Капиевасул ц1ар

**(Слайд-48-50) Эффендил х1акъалъулъ цогиги раг1и.**

**Ц1алдохъабазе къиматал лъела.**

РОССИЙСКАЯ ФЕДЕРАЦИЯ * МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН